Nata Padhagêlan dan para nata yang membantu bersama-sama dengan Patih dan Adipati Purwagendhing serta empat putri, bersedia datang ke *pakuwon* tempat pertapaan Resi Mardawalagu. Di sana Sang Resi (di hadapan kedua belah yang sedang berseteru) meminta Padhagêlan dan Purwagendhing agar rukun dan berhenti berperang.

Episode 21

Pasca Penyelesaian Peperangan

Pupuh CXII *Mijil*

Kedua belah pihak, baik Padhagêlan maupun Purwagendhing akhirnya sepakat untuk berdamai dan menghentikan peperangan. Para Nata dan yang lainnya, kemudian bubar dari *pakuwon*. Resi Mardawalagu dan para murid kemudian kembali pulang ke pertapaan di Swita kirana. Resi Sadana pulang ke Macapatan bersama para murid. Raja putra Madhêndha (wakil bantuan Nata) berkata kepada Nata Padhagêlan, kalau diperbolehkan, akan membicarakan soal anaknya Resi Sadana yang bernama Dyah Artati yang akan diperistri, lalu sang Resi memperbolehkan. Mengenai upacara pernikahan kemudian akan dilaksanakan di Padhagêlan.

Pupuh CXIII *Dhandhanggula*

Raja putra Madhêndha mengirim surat kepada ayahnya. Isi surat tersebut memberitahukan soal berakhirnya perang dan pernikahannya. Para nata yang membantu dan para utusan kembali pulang, memanggil istri, dan memerintahkan

agar para prajurit pulang karena perang sudah selesai. Sementara, Hadya Padhagêlan mempersiapkan Kadhaton karena akan digunakan untuk upacara pernikahan. Raja putra Kawirengga dan istri pun kemudian tiba.

Pupuh CXIV *Pangkur*

Dutanya, Nata Pastima dan Nata Purwa sudah bertemu dengan para permaisuri, setelah siaga, mereka kemudian berangkat dan bertemu dengan istri di Padhagêlan.

Pupuh CXV *Sinom*

Nata Pastima dan Nata Purwa serta permaisuri dan raja putra Madhêndha bersama-sama masuk kadhaton Padhagêlan bertemu dengan Nata Padhagêlan dan permaisuri. Di lain tempat, duta Patih dan Adipati Purwagendhing yang diutus, kemudian pulang dan memberitahukan soal berhentinya perang.

Pupuh CXVI *Kinanthi*

Nata Padhagêlan mengutus utusan untuk memberi kabar kepada Resi Mardawalagu. Kemudian melaksanakan penjemputan pengantin putri ke pertapaan Macapatan. Setibanya, Pandita Macapatan keluar menemui anaknya.

Pupuh CXVII *Asmaradana*

Menceritakan yang tengah terjadi, mulai dari pertemuan di alun-alun sampai upacara *panggih*²⁷ pengantin.

Pupuh CXIII *Durma*

Menceritakan adanya keinginan-keinginan di Kedhaton Padhagêlan.

Pupuh CXIX *Maskumambang*

Masih soal keinginan. (intinya yang menjadi sarimpi para keempat putri istrinya Patih dan Adipati Purwagendhing).

²⁷ Upacara pernikahan, bertemunya pengantin wanita dengan pengantin pria

Pupuh CXX Mijil

Masih soal keinginan. (wayang *gedhog*²⁸).

Pupuh CXXI Dhandhanggula

Para nata dikumpulkan oleh Mardawalagu. Beliau kemudian memberi pesan dihadapan para nata, lalu pamit pulang. Para nata yang lainnya juga mengikuti, kemudian pulang ke negaranya masing-masing. Setelah itu Nata Madhêndha dan Nata Kawirengga, bersama-sama menyerahkan kekuasaan kepada putranya.

III.2 Pertanggungjawaban Alih Aksara

Alih aksara atau transliterasi mengacu pada definisi naskah yang disampaikan oleh Robson (1994:24) yaitu suatu pemindahan dari satu tulisan ke tulisan yang lain. Adapun Baried (1985: 65) mendefinisikan transliterasi sebagai proses penggantian jenis tulisan, huruf demi huruf dari abjad yang satu ke abjad yang lain. Kegunaan dari transliterasi adalah untuk memperkenalkan teks-teks lama yang tertulis dalam huruf atau aksara daerah karena kebanyakan orang sudah tidak mengenal atau tidak akrab lagi dengan tulisan daerah.

Asas alih aksara yang dipilih dalam penelitian ini adalah edisi standar yang pengertiannya menurut Baried (1985: 69) adalah menerbitkan naskah dengan membetulkan kesalahan-kesalahan kecil dan ketidakajegan, sedangkan ejaannya disesuaikan dengan ketentuan yang berlaku. Dalam penelitian ini aksara dialihkan ke dalam aksara Latin yang lazim digunakan di Indonesia. Pedoman dasar ejaan yang dipergunakan dalam penelitian ini adalah buku *Pedoman Ejaan Bahasa Daerah Bali, Jawa, dan Sunda Yang Disempurnakan* terbitan Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta (tahun 1992/1993). Perbaikan ejaan didasarkan pada *Baoesastra Djawa* karangan WJS. Poerwadarminta.

III.2.1 Tanda-tanda yang Digunakan Pada Suntingan Teks

1. Penanda awal dan akhir *pupuh* ditandai dengan: //o//
2. Penanda akhir bait (titik) ditandai dengan: //

²⁸ wayang yang menceritakan kisah panji

3. Penanda akhir baris (koma) ditandai dengan: /
4. Penanda huruf ditambah ditandai dengan: { }
5. Penanda huruf diganti ditandai dengan: []
6. Penanda huruf dihilangkan ditandai dengan: ()
7. Penanda untuk bacaan yang meragukan ditandai dengan: (?)
8. Huruf kapital digunakan untuk awal paragraf, gelar, nama orang, dan nama tempat.
9. Angka Arab pada awal *pada* merupakan nomor *pada*.

III.3 Suntingan Teks *Cariyos Nagari Padhagêlan* NR 242 Episode 18--20

Teks NR 242 memiliki sajian cerita yang disusun menjadi episode-episode sebanyak 21 episode. Di antara 21 episode yang terdapat pada teks NR 242, hanya episode 18--20 yang dipilih untuk disunting dan dikaji isi yang terkandung dalam teks NR 242 episode 18—20. Setiap episode menjelaskan mengenai peristiwa dan peralihan dari keadaan yang satu ke keadaan yang lain (Luxemburg, 1989: 150).

Pada teks NR 242 peristiwa perseteruan dan peperangan antarkerajaan kerap muncul dan menjadi peralihan keadaan yang satu ke keadaan yang lain. Di antara sekian peperangan yang terdapat pada teks NR 242, peperangan pada episode 18--20 yang menjadi perhatian. Terdapat dua alasan sehingga episode 18--20 dipilih untuk disunting dan dikaji isinya.

Pertama, pada peristiwa peperangan di episode 18--20 melibatkan banyak pihak atau kerajaan yang berperang. Peperangan sejatinya terjadi antara pihak Purwagendhing melawan Padhagêlan, akan tetapi pihak Padhagelan mendapat bantuan dari Kawirengga, Madhêndha, Pastima, dan Purwa. Selain itu, peperangan yang berlangsung dengan melibatkan banyak pihak atau kerajaan tidak menghasilkan pemenang atau yang kalah, bahkan terjadi perundingan perdamaian di antara kedua belah pihak.

Alasan yang kedua adalah terdapat beberapa hal mengenai peperangan pada teks NR 242 episode 18--20, seperti senjata-senjata dalam peperangan, peran perempuan dalam peperangan, tata strategi perang, dan perundingan perdamaian.

Bertolak dari uraian di atas maka perlu dilakukan suntingan teks dan kajian isi pada teks NR 242 episode 18--20. Berikut edisi teks NR 242 episode 18--20:

Teks NR 242 Pupuh CVI *Pangkur* Episode 18

1//o//Sampun campuh ing ngayuda/ tlalle susun ing aprang ning rumiyin/
panigare nguglumantung (902r)/ gênti ambal-amballan/ cummalorortting
mimisliir thathit tarung/ patêmpurre ponang petar/ ambyar kadi udan gênni//

2//Pêtêng saking kukus obat/ sampun kathah longe ingkang ngêmmasi/ kang
kantun sangsaya grêgut/ tan miris rah rarawan/ pati bigar mangsah sikêp lawung
ganjur/ abênthak gêbang-ginêbang/ ancaran gênti ngancari//

3//Wus kathah puhukang watang/ wong mêdhang mangsah tangkis-tinangkis/
akathah pêjah myang tatu/ salin caruk curiga/ klalening glar mandhêlong
prajurittipun/ dê mang tamping samya mangsah/ akathah antuk papati//

4//Ngisis patukking garudha/ mangsah panji dhusun ing Purwagêndhing/ myang
panji klerehannipun/ Arya Sêmang tumandang/ sami sikêp ganjununjang
pamukipun/ pra dê mang tamping karoban/ ngundure mêksih ngawali//

5//Mulat Ki Tumênggung londhang/ lan kulandhe kasêsêr dê mang tamping/
samya mangsah (903v) nyeret lawung/ kinaro tinigata/ panji dhusun panji kutha
keh kaplayu/ watang gigan wênêh patah/ para raden anulungi//

6//Kinarubut tumênggung karwa/ datan kewran nadhahi olah lêmbing/ yata wau
duk andulu/ Tumênggung Koswaraga/ lawan Koswawirangrong kang mungging
pucuk/ ing gadhing byuha dwirada/ tumênggung tlale kakalih//

7//Kinarubuting ngayuda/ den kapati mêksudireng jurit/ tumênggung kalih
tutulung/ kinaro ing ngayuda/ kacinêras pra raden sami lumayu/ pinêthuk sang
Arya Sêmang/ kinêlak umangsah malih//

8//*Pinayungan Arya Sêmang/ rame malih wau ingkang ajurit/ panjawat têngên andulu/ sang Arya Mênyan Kobar/ kang neng cucuk esmu kuciwa ing pupuh/ ngabani klerehanira/ kinen tutulung ngajurit//*

9//*Mangsah giyak surak madyang/ para panji para raden ngawakki/ kuping kiwaning esthi byuh/ mula(904r)t panjawat kanan/ ananggêkêbbi madukusuma sang sunu/ angangсахakên prawira/ tulung tumênggung kakalih/*

10//*Katawang sêndhon kalawan/ kalihira tumênggung blarak ngirid/ mangsah nanggulang ing mungsuh/ Adhipati Ernawa/ kelu mangsah prajuritira wus campuh/ rame aprang titigaran/ kaunjêl kang sikêp biring//*

11//*Sikêp pêdhang wuri nunjang/ brêg-banêrêg sampun kathah kang lalis/ Purwagêndhing andêlipun/ pra panji sami mangsah/ pinêthuk mring wau kakalih/ tumênggung katawang sêndhon kalawan/ ki tumênggung blarak ngirit//*

12//*Kinarubut panji kathah/ datan kewran Ernawa Adipati/ bramantya mangsah tutulung/ pra panji keh kaplajar/ para raden tandya tumandang tutulung/ ki tumênggung kinaliyan/ sang Dipati den kapati//*

13//*wau arya mênyan kobar/ aneng wuri mumulih para panji/ panjawat pariwanipun/ Arya Pangrawit mulat/ panjawatte têngên wu(905v)s campuh ing pupuh/ ngabani prajuritira, kinen nabêt anulungi//*

14//*Inkang mungging kuping kanan/ arya sasadara ingkang nindhihi/ Patih Gurisa lan sagung/ manggalaning ngalaga/ Ki Tumênggung Lêbda Jiwa lan tumênggung/ Ki Sardula Wikridita/ tumingal mungsuhireki//*

15//*Panjawat kiwa tumandhang/ Arya Sasaddara suwareng dasih/ wau kakalih tumênggung/ nrêggagên wadyanira/ tandya campuh arame buru-binuru/ agênti êlong-tinolongan/ wau tumênggung kakalih//*

16//*Tiniga miwah kinapat/ mring pra panji santosa datan kongkih/ para panji keh kaplayu/ sang gya raden umangsah/ ararubut kakalih para tumênggung/ ki Adipati Gurisa/ mulat tutulung ngajurit//*

17//*Kinapat lan raden panggah/ awit enjing denny campuh ajurit/ kasaput baskara surup/ tinêngran saph ing prang/ kang ayuda sarêng sami munduripun/ angaso ing kalih dina/ enjing tangara prang malih//*

18//*Ta(906r)n ewah tataning yuda/ Purwagêndhing pan mêksih Adipati/ nanging Senapatnipun/ Adipati Sulendra/ Arya Babar layar ingkang mungging cucuk/ Senapati aneng sirah/ Putri Kakalih neng gigir//*

19//*Sang Dyah Garini kalawan/ ingkang rayi sang Kusuma Maisi/ Ki Mataya aneng buntut/ nindhihi wong plenggottan/ lan sêpalih wong Brêdangga Ngrangin iku/ kang mungging panjawat kanan/ Arya Bawaraga nênggih//*

20//*Arya Godhêg mungging kiwa/ anindhihi klerehanira sami/ ing Dhagêllan gêlaripun/ mêksih dwirada mêta/ nanging kang mungging kuping kalih santun/ Pastima Agung Narendra/ Surarêtna Sri Bupati//*

21//*Sawadyaneng kuping kiwa/ ing Pruwa Gung Madurêtna Narpati/ neng kuping têngên sawadya/ sang arya Sasaddara/ lawan arya Madukusuma neng buntut/ wus ayun-ayunan ing prang/ Senapati angabani//*

22//*tTangara umangsah ing prang/ pucuk liran talale(907v) campuh jurit/ lan kagendra cucukipun/ kuping kanan campuh prang/ lan panjawat keru kuping kiwanipun/ campuh lan panjawat kanan/ langkung rame kang ajurit//*

23//*Udaya tlale dwirada/ amandhêlong pinatuk kagapati/ pucukking gadhing tunulung/ lan pok tlalenira/ panggah malih ing talale yudanipun/ sanjata sampun nawuntat/ mangsah bêndhak ganjur biring//*

24//Kaunjêl ing pamukira/ wong kang sikêp pêdhang amobat-abit/ tan nan angeman lampus/ sami wong warêkdana/ dereng kongsi mangsah titinihing pupuh/ kasurupan ing baskara/ tinêtêgga mundur jurit//

25//Sampun sapih kang ngayuda/ sami mundur amakuwon pra sami/ tri dina kendêllan pupuh/ arisan ing Dhagêlan/ pirêmbagga Pranata lan Patihipun/ Prabu wakil Sasaddara/ angling ran kang mamikir//

26//Sampun kaping kalih aprang/ sapih surup akathah(908r) kang papati/ para andêlling ngapupuh/ dereng wontên kang babak/ Arya Madikusuma numpangi wuwus/ yen manggung prang ngabênbala/ tan munsaya keh papati//

27//Sri Narendra Padhagêlan/ inggih kula ingkang nyenapati/ nanging mung mencari pupuh/ atêmpuh dados ajang/ reh ireng prang anarah ingkang tutulung/ maha Prabu Surarêtna/ ngandika yen mênggah kami//

28//Nadyan datan nyeka raja/ aneng kuping inggih aprang ngantuni/ punika para tumênggung/ kapundhut ta kang rêmbag/ Prabu Madurêtna anambungi wuwus/ mring pra Patih myang pra Waktra/ kadi pundi kang pamikir//

29//Sami andika matura/ para Patih miwah patêk sumantri/ asarêng ing ngaturipun/ aprang ngajêng punika/ prajurite sami mangkennya ing pungkur/ pra Patih para Punggawa/ mungging sangarsaning baris//

30//Kalamun mêngsah uninga/ ing saestu inggih lajêng nimbangi/ ing ngriku katawisipun/ kang tunggul lan kasoran/ para Nata kapya(909v) abiprayeng rêmbug/ mandar sagung pra Narendra/ ngangsêk wingkinging Papatih//

31//Prasasat pawangkonira/ namung para Punggawa miwah Pati/ yata Madurêtna Prabu/ naruntuni ngandika/ kira kaing Madhêndha suka kalangkung/ yen mêngsahipun tumimbang/ putri inggih wontên ngarsi//

32//*Yèkti lajêng tinrajang/ sapa eman sarêng sami abêlik/ sang Madukusuma muwus/ nênggih pangu ngandika/ iya iki alan dene jajaka wudhu/ sambên-sambên dadi tiban/ ing paguyon marna estri//*

33//*Witning dadi samujinya/ tungguling prang amboyong pratiwa estri/ ora aweh lamun den num²⁹/ sanggya gumyak gujênnya/ luluwaran yata gènti kang winuwus/ ing Purwagêndhing barisan/ arya Dipati kakalih//*

34//*Ginubêl mring garwanira/ salaminya prapteng Dhagêlan nagri/ engênduk wibawanipun/ aneng ing Padhagêlan/ anunuwun tumuntên unggul ing pupuh/ amêng(910r)ku Padhagêlan/ kalamun nlanden turuti//*

35//*Anuwun mangsah ngayuda/ aneng ngarsa agja unggul sor jurit/ yen unggul lajêng amêngku/ Nagari ing Dhagêlan/ lamun kasor suka anêmahi lampus/ Adipati kakalihnya/ ing tyas bangun alin-nalin//*

36//*Ondhang enjing mangsah ing prang/ mêksih têtêp gèlare Kagapati/ nanging mangsah sadayeku/ Senapatinya karwa/ para panji pra raden pra arya kêbut/ kang dadya cucuking byuha/ Arya Godhêg lan pangrawit//*

37//*Têngah cucuk Senaraja/ nênggih Arya Adipati kakalih/ neng sirah sang rêtna catur/ kang neng panjawat kanan/ Arya Babar Layar bawara garumpul/ kang mungging panjawat kiwa/ Sang Arya Sêmang lan malih//*

38//*Nênggih arya mêpannyan kekar/ pan sadaya papangkon raden panji/ prajurite aneng pungkur/ dene ing Padhagêlan/ Senapati neng pucuk talale(911v)nipun/ mangku Patih lan punggawa/ kuping têngên Narapati//*

39//*Pastima gung Surarêtna/ Prabu Wakil Madukusuma nuggil/ mangku Patih pra tumênggung/ ingkang neng kuping kiwa/ Prabu Madurêtna mangku pra tumênggung/ Prabu Wakil Sasaddara/ amangku Patih Sumantri//*

²⁹ kata *num* seharusnya *nem* yang artinya muda, namun demi mengejar *guru lagu* pada bait ke tiga *pupuh pangkur*.

40//Asarêng nêmbang tangara/ budhal saking pakuwonira sami/ swarane umyar
gumuruh/ praptaning pabaratan/ tata byuha pinatah sajuru-juru/ manggenane
sowang-sowang/ angroning kamal gumanti//o// (912r)

Teks NR 242 Pupuh CVII Sinom Episode 18

1//o//Adangu sawang-sinawang/ kang ayun-ayunan jurit/ asami panarkanira/
Padhagêlan Purwagêndhing/ kadi ubayeng jurit/ prajurite aneng pungkur/
Senapati ngalaga/ pangarti kanêreng galih/ ana têlik kang wêruh gunitaning
prang//

2//Wau pra putri sakawan/ datan darana ing galih/ kadangon asasawangan/
tandya nglêpasi jêmparing/ Senapati kakalih/ anga(912r)mamrêp ing pupuh/ ing
cucuk lan panjawat/ têngaranira nimbangi/ para raden pra panji tandya
umangsah//

3//Andêl prang byuha dwirada/ tumimbang majêng nangahi/ nanging tansah
karepotan/ pra tumênggung mangsah aglis/ ngisis kang para panji/ para raden
angarubut/ para tumênggung mangsah/ tiniga dipunkawati/ datan kewran pra
panji raden kasoran//

4//Arya Godhêg duk tumingal/ kalawan Arya Pangrawit/ klelerehanira kasoran/
tandya tutulung ngajurit/ panjawat kanan kering/ watêk arya mangsah gupuh/
rame malih kang yuda/ para raden para panji/ kang kaplajar wikan sang arya
umangsah//

5//Kasayahan surup surya/ saph kang campuh ajurit/ mundur mring pakuwonira/
samana kendêl saptari/ tansah amangun pikir/ yata sêmana akumpul/ makuwon
Padhagêlan/ pra Nata lan para wakil/ watêk Papatih sanggyaning waktra(913v)
sumewa//

6//Prabu wakil Sasaddara/ ingkang amurwaning angling/ inggih ing ngaprang punika/ sampun rambah kaping katri/ saphi suruping rawi/ datan kandhap datan unggul/ paran prayuginira/ Prabu Surarêtna angling/ kroban lawan nanging sasap kadikdayan//

7//Ngrika andêlipun kathah/ para raden para panji/ ing ngriki para manggala/ tumênggung awrat sinanggi/ nanging yen den kathahi/ kasayahan aprangipun/ sagêd ugi kasoran/ Prabu Madurêtna angling/ yen makatên tumimbang damêl prawira//

8//Sami lawan mêngsahira/ para raden para panji/ tinantun sanggya Susena/ aturipun nayogyani/ pra waktra tan suwawi/ yen mirungga wadyanipun/ mimilihi kewala/ prajuritipun pribadi/ sami lawan cacahé andêling mêngsah//

9//Raden miwah panjinira/ datan tumêmên ing jurit/ kapurunanipun angas/ kathah waktra den kapati/ malah tumênggung ngriki/ ki pramu(914r)gari puniku/ lan prawira lalita/ Tumênggung Sardula tuwin/ kinarubut wonwolu panji ing ngrika//

10//Satunggal watange rêntah/ mlajar kang pitu nututi/ wau Tumênggung Sardula/ tandya anarawung angling/ datan ngaras kuwanini/ saking prayitna ing pupuh/ atêgêl ulah indha/ sawêkti nêlungan biring/ sampun indha sanggya gumêrgu ywanira//

11//Ing pirêmbag sampun dadya/ milih wadya prajurit/ kinarya tigang parangkat/ pangkat dêman lan ngêbehi/ rongga sapangkat malih/ nanging tan sami lan mungsuh/ mêksih para apitan/ kathah andêl Purwagêndhing/ kawarnaa sang Mantri Wasesa karwa//

12//Kalawan nênem pra arya/ pan sami arêmbag pikir/ pra andêl kuciweng yuda/ dereng babak dagang usik/ angunduri ing jurit/ Dipati Sulendra muwus/ inggih prayuginira/ aprang ing ngajêng puniki/ para raden para panji yen lumajar//

13//*Datan puhung kang la(915v)ndheyan/ botên tatuwuh wêtih/ den undur kang kasinggihan/ kacirian sityeng Gusti/ sadaya angriyêggi/ nging wontên arya kang matur/ lamun timbuling braja/ arêmpu mundur ing jurit/ Adipati Lokananta wuwusira//*

14//*Yen nêmpuh rêbahing ngaprang/ kancanipun kang gosongi/ kalamun mundur ing aprang/ ngakên rêmpu tanpa dadi/ yen putung watangneki/ saking ing pandamêlipun/ kawistara ing konca/ acêkap saksi satunggil/ kaukuman acira-ngucira ing prang//*

15//*Lamun angaku kalaran/ katon rerekanireki/ boro-boro kakêmulan/ anggaluruh angrarintih/ nging luwayane bêcik/ tan ing nganggêp aturipun/ saradila ramata/ abange kêna kinardi/ lara untu yen nguni tanae lara//*

16//*Iku nora pinarcaya/ den angсахakên ing jurit/ yata sampun abipraya/ ing ngundharakên waradin(916r)/ pangucap pra panji/ kang kaduk jêrih malincar/ wis ora uman papan/ kang sawênèh ana angling/ lara nguyuh nora kasêbut ing ngundhang//*

17//*Sawênèh panji angucap/ iya lintir bae bêcik/ tur boleh pituwas arsa/ banjur mulih amalêncing/ sigêg ucaping panji/ enjing têngara gumuruh/ mangsah ing Rananglana/ Padhagêlan Purwagêndhing/ sarêng budhal sapraptinig pabaratan//*

18//*Tan owah byuhnireng prang/ miwah pamanggenireki/ prajurite aneng wugyat/ para andêl mung nig Ngarsi/ sawang-sinawang sami/ dereng amurwani pupuh/ sang dyah catur saksana/ ngêjepi buyut kakalih/ buyut tabuh lan Mataya kinen mambang//*

19//*Bêndhe tangareng mangsah prang/ kang buyut tandya tinitir/ garjita kang para arya/ suamanggalanya muni/ Padhagêlan nimbangi/ nêmbang angaraning*

*pupuh/ pra andêl sami mangsah/ gumrêgut aribut dhingin/ campuh ing prang
arame sami Su(917v)dira//*

*20//Bêndhak watang sangku apêdhang/ bêrêk-binêrêk jurit/ pra tumênggung para
arya/ sami wawaki ing jurit/ angaso kaping katri/ ambal pitiga prangipun/
akathah kang palastra/ ing rêmpu sawênèh kanin/ pan kasaputira tri sapih kang
yuda//*

*21//Enjing malih atangara/ mangsah prang sadintên jurit/ tan ana unggul
kasoran/ arambah-rambah prangneki/ tanpa wus saneng jurit/ sangsaya kathah
kang la(?) wus/ rempuhana pibrana/ tandya kendêl kang ajurit/ mangun pikir
Purwagêndhing Padhagêlan//*

*22//Pra tumênggung lan pra arya/ kang badhe mangsahi ngarsi/ enjing gya
nêmbang tangara/ asarêng mêdaling jurit/ arya ing Purwagêndhing/ sarênti
denira mangun/ tumênggung Padhagêlan/ tumimbang mangsah ngijeni/ nêlasakên
gêndhing ulah ing ngayuda//*

*23//Tan ana ngakuciwa ing pra/ mundur kasayahan sami/ makatên ing sambên
aprang/ tanpa wêkasaning jurit/ mrangipun den kendêli/ Purwagêndhing kang
pirêmbug/ nênggih arya paekan/ dalu angêdhar wong(918r) jurit/ anyulika
marang kuwu Padhagêlan//*

*24//Kang canolang datan kiya/ gégamanireng ngajurit/ miwah praboting
turangga/ yata kalêksanan nuli/ ing sabên-sabên wengi/ gènti ongyak alok
pandung/ tan lyan kacinulisa/ gagaman tan prabot wajik/ lamunana kacêpêng
pêjah myang gêsang//*

*25//Dene tiyang Padhagêlan/ janma saking Purwagêndhing/ sanadyan wran
Padhagêlan/ paken saking Purwagêndhing Anarendra (?)/ lan sang Patih para
tumênggung anêdya wawa(?)êsan/ anêbar wong lampah juti/ mring pakuwon
Purwagêndhing anyulika//*

26//Gagaman tan prabot kudha/ miwah sanguning pambukti/ yata sampun kalêksanan/ umuruh ing sambên katri/ opwak alon wong maling/ tan liya panyolongipun/ gagamaning ngayuda/ miwah praboting turanggi/ lawan manyolong sakehing sangu pamboga//

27//Miwah ing wayah(919v) raina/ wong sulika angkani/ mring pangawon ana nayab/ pangupa boga lan malih/ paraboting turanggi/ ingkang dipunperinebut/ makatên sambên dina/ yata Dipati kakalih/ agunita lalawan kang para arya//

28//Arsa angawaki yuda/ kang para arya suwawi/ enjing anêmbang tangara/ ing Dhagêlan animbang/ myarsa aturing têlik/ Senapati badhe magut/ kang arsa mêthuk ing prang/ Prabu Palugon la pribadin malih/ Prabu wakil sang atmendra Sasaddara//

29//Sampun prapteng pabaratan/ ayun-ayunan kang jurit/ sang arya Dipati karwa/ tandya umangsah ngawaki/ rame denira jurit/ diwasaning surya mundur/ namung ngaso sakêdhap/ tandya umangsah prang malih/ kasurupan surya sapih kang ayuda//

30//Tigang sandhari denya prang/ aprang panah prang lêmbing/ aprang pêdhang aprang gada/ tan ana kuciweng jurit/ kendêl malih ajurit tansah/ ama(920r)ngun pirêmbug/ Adipati kalihnya/ sang Sulendra lan kan rayi/ nênggih arya Adipati Lokananta//

31//Pinothah dening kang garwa/ sami nuwun magut jurit/ dadiya pangarsaning prang/ antyarsa atandhing weri/ lan Padhagêlan aji/ myang arya Sasaddareku/ sêmana tinurutan enjing prang sapisan malih/ putri catur kang dadya pangarsaning prang//

32//Ing wuri Dipati karwa/ ing Dhagêlan wus miyarsi/ ature wong panalika/ gya kumpulan para aji/ arya Sasaddara ngling/ kadi pundi sang pirêmbug/ ature wong talika/ putri pan dadi pangarsi/ kang den onta-onta prang ngalawan kula//

33//Miwah yayi Padhagêlan/ Prabu Surarêtna angling/ prayogine kang mangsah prang/ yayi Padhagêlan nênggih/ lawan Madhêndha yayi/ lan kula myang yayi Prabu/ Pruwa Gung Madurêtna/ ingkang mangsah ing ngajurit/ angandika wakil Prabu Sasaddara//

34//Yen kula tan mangsah/ ing prang sayêkti anguciwani/ jêr kula(921r) desa ajap-ajap/ wontên pamuri ngingati/ inggih kala ing nguni/ neng Kawirêngga praharum/ ing sêmu kawistara/ sang dyah ing salah/ satunggil ciptanira katanggaya dening kula//

35//Dene yayi Padhagêlan/ inggih pantês mangsah jurit/ jêr kang madêg Naranata/ wontên ing Dhagêlan nagri/ Prabu Madurêtna ngling/ sampun pênêt kang sumaut/ kula lan kaka Nata/ Surarêtna lawan malih/ Sri Palugon lan yayi Madukusuma//

36//Raka arya Sasadara/ pan mêksih kula ngengehi/ kalawan Patih Gurisa/ yen kasor sangaja kaputri/ tan mudi Pati kalih/ tutulung ing garwanipun/ punika pinêthukna/ wus abripaya pra aji/ enjingipun mêngsah nêmbang para mangsah//

37//Tumêmbang ing Padhagêlan/ wus ayun-ayunan jurit/ putri catur mangsah/ ing prang kusuma rara Garini/ ingkang mêthuk ngajurit/ anênggih Palugon Prabu/ maisi Sang kusuma/ Prabu Surarêtna tandhing/ sang dyah(922v) wara Supadmi lan Madurêtna//

38//Nyareswari sang kusuma/ madu kusuma tumandhing/ duk sami ayun-ayunan/ sang dyah sakawan umêksih/ mring kang mêthuk ajurit/ sumêpyar ing galihipun/ saki endah ing warna/ sor timbang arya Dipati/ sang Sulendra lan Dipati Lokananta//

39//Sang dyah sakawan saksana/ nganci lawungireki/ samineng luhuring kuda/
binêndhat gênti ngancari/ wus dangu tandya salin/ prang pêdhang buru-binuru/
gênti nangkis angayat/ tan ana kang kasaliring/ keksi sayah sakawan para
kusuma//

40//Sang Arya kalih umancang/ sang Nata catur ngunduri/ wakil Prabu
Sasaddara/ lan Gurisa Adipati/ mangsah campuh ing jurit/ mragada kongsi pur
surup/ sapih kang onda yuda, mundur amara uwon sami/ tansah denya marna (?)
kanthining ngayuda//o// (923v)

Teks NR 242 Pupuh CVIII Kinanthi Episode 19

1//o//Yata wau kang winuwus/ kang sami amangu(923v)n pikir pakuwon ing
Padhagêlan/ pakumpulan para aji miwah/ para mantri muka/ lawan para waktra
sami//

2//Tandya kang panabdanipun/ Sasaddara Prabu wakil/ kadi paran prang punika/
sampun mangsah wali-wali/ tanpa wêkasaning ngaprang/ datan kasor datan
nitih//

3//Yen tansah makatên wau/ angrisakakên wran alit/ datan sagêt ngupaboga/
kanungkul amubawaning/ angili arereyongan/ ingkang jênak asasabin//

4//Kakênan ing sapundhut/ minongka waragat jurit/ Prabu Surarêtna nabda/ yen
ning mênggah kula gampil/ wus sumêdya wuhulu prang-aprang purun mundur
inggih//

5//Kapriye yayi sireku/ kalawan Madhêndha yayi/ angling Prabu Madurêtna/ kula
pan makatên ugi/ dyan arya Madukusuma/ mojar tan prabeda kami//

6//*Namung nadhah karsanipun/ Madhagêlan ya(924r)yi aji/ Prabu wakil Sasaddara/ angling marang ingkang rayi/ yayi Palugon paranta/ nênggih ing ngaprang puniki//*

7//*Tanpa wêkasaning pupuh/ Prabu Palugon mangsuli/ yen ning waragad ayuda/ kula pan mêksih kuwawi/ anyanggi têdhaning bala/ lah kapriye sira Patih//*

8//*Adipati Juru Dêmung/ umatur anendha mantri/ inggih lèrês padukendra/ yen ta mênggah ing ngajurit/ nanging papangawal tibra/ ing ngaprang sampun antawis//*

9//*Datan asor datan unggul/ prang punapa kang nglangkungi/ kadi kang wus kalampahan/ rayan manggung makatên inggih/ angrisakakên paradya/ lwire kasrakating ngalit//*

10//*Yen parêng karsa sang Prabu/ kawula badhe ngulati/ Pandhita kang wus sunyata/ kalamun sagêd mumurih/ kendêlipun bonda yuda/ mung sami karana arsi//*

11//*Datan kasor datan têluk/ mêngsah makatêna inggih/ dene nyalampah kawula/ anamur ngrucad papatih/ nanging sapêngkêr kawula(925r)/ ken datan dipunwiwiti//*

12//*Salin amurwani pupuh/ Prabu Palugon nulya nging/ sadaya sampun miyarsa/ aturipun Adipati manggya (?)sa ngayubagya/ luwaran saking palinggih//*

13//*Adipati Juru Dêmung/ umentar ing wahya ratri/ kadi cantrik kang pramega/ lawan rowange kakalih/ ingkang sinêdya ing priya/ ing sweta kirana nênggih//*

14//*Pulo Alit kang pilungguh/ neng ngrikua aki-aki/ Mardawalagu Pandhita/ sêdya nut sudagar grami/ lastari ing lampahira/ kunêng gênti kang winarni//*

15//Kang aneng pakuwonipun/ Adipati Purwagêndhing/ sakumpulan para arya/
amangun kang rêmbag pikir/ reh ing prang tanpa wêkasan/ tita pangantêping
jurit//

16//Awali-walipur surup/ Arya Sulendra denyangling/ kadi pundi ing ngayuda/
tanpa wêkasaning jurit/ langkunga saking punika/ inggih prang punapa malih//

17//Arya Sêmang aturipun/ sampun datan wontên malih/ mênggah ing ngaprang
punika/ kalamun kang(926v) Nyenapati/ sampun ngawaki ngayuda/ nêlas-
têlasaning jurit//

18//Arya Babar Layar matur/ punika sampun sayêkti/ mêngsah inggih wus
kêtogan/ para raja angawaki Nyenapati/ sampun mangsah ing ngayuda/ prandene
datan mêkasi//

19//Yen tansah makatên wau/ prang pur surup awit enjing/ angrêrisak wadya
bala/ sangunipun saya nipis/ wêwah tinimbang durjana/ pintên dalu tan ngobêri//

20//Arya Godhêg aturipun/ dereng klampahan prang wêngi/ anukup ing
pamondhokan/ Dipati Sulendra angling/ puniku datan prayoga/ prang culika
tibeng nisthip//

21//Lan kirang waspadanipun/ sagêd bawur ing pangesthiksi/ caruk aprang sami
rowang/ lan arip kataman ngatis/ nyuda kakuwatanira/ suraning tyas angunduri//

22//Yata wau aturipun/ Lokananta Adipati/ pun tabah rumiyin gadhah/
pasumitran wiku sidika/ talatah ing Padhagê(927r)lan/ saddana cipta wawangi//

23//Ing Macapat dhepokipun/ nguni rinêbaseng jurit/ mring Narendra
Padhagêlan/ nanging sang Nata ngunduri/ rumiyin pun buyut tabah/ lan sang
wiku wus sakait//

24//Kalamun pininta bantu/ sang Pandhita anyaga ing dhasarne sakit kang manah/ lawan Palugon sang aji/ Dipati Sulendra suka/ buyut tabah den timbali//

25//Tan ana dangu prapta sampun/ tinanyalir awuneki/ Adipati Lokananta/ aturipun inggih yêkti/ yata kinen lumaksana/ anagih ing kaprajanji//

26//Ki Buyut Tabah mentar wus/ asandika diwrancili/ lawan rowange sajuga/ luwaran kang mangun pikir/ lastari ki buyut tabah/ lampahe amurang marni//

27//Malih gênti kang winuwus/ juru dêmung Adipati/ sampun anumpak baita/ nunut bawa tata krami/ kang asring ngampiri marang/ pulo sweta kiraneki//

28//Ing samudra tan winuwus/ ponang anawus prapti (928r)/ plabuhan Sweta Kirana/ alabuh jangkar tumuli/ juragan tumurun sanggya/ juru dêmung anuruni//

29//Pra juragan tan wus/ awade daganganeki/ ki juru dêmung saksana/ anjujuk wisma paminggir/ gyaning piniwêrda desa/ sawusira tata linggih//

30//Tata ken Ki Juru Dêmung/ adhi punapa sang yogi/ panuju wontên ing wisma/ pun bale wisma nauri/ sandika sintên sinambat/ ing pundi tinilar wuri//

31//Prapta ran sêdyanipun/ kang namur sudrana wuri/ adhi ing sudi nambat/ Sardula Wikridita sami/ tiyang saking Kawirêngga/ karsa marêg mring sang yogi//

32//Pun bale wisma amuwus/ sintên badhe den parêkti/ punapa sang wiku wêdi/ punapa kang anom rêsi/ ki Sardula Wikridita/ angling sintên amastani//

33//Sang muniwara kasêpuh/ miwah sang dwija taruni/ pun wisma ing wuwusira/ kang sêpuh namanireki/ Mardawalagu Sang Tapa/ dene ingkang nem sang yogi(929v)//

34//*Sabda kacipta jujuluk/ kang namur sudra denyangling ing nguni pra manira/
Mardawalagu maharsi/ kang nama Sadanacipta/ kula dereng amikani//*

35//*Punapa murit pinunjul/ punapa wiku sadyarsi/ ametwanto mring sang Tapa/
ki bale wisma nauri/ Pandhita ing Macapatan/ andhudhumpil ing ngasrami//*

36//*Sêdya meta pawulang/ kawruh nanging sampun sami ugi/ kasampurna ing
kasidan/ mila tumut taki-taki/ amet tata lêr taruna/ reh wyambake kang dhatêngi//*

37//*Sêdyanipun ing guguru/ ki wikri gita ngling malih/ yen panuju tyas andika/
aminta tulung sa(?)/ kang mugè dipunlantarna/ sumewa mring(930r) darma yogi//*

38//*Pun bale wisma amuwus/ suwawi kawula irit/ mringgen murid pinituwa/
punika bêbahaneki/ jinujug tatamu prapta/ kang badhe marêk sang tapi//*

39//*Tandya sarêng lampahipun/ kapêthuk samargi-margi/ marang murit
Macapatan/ adangu denira ngekasi/ kaya wus asarawungan/ apa dudu tapa
inggih//*

40//*Kyai Patih Juru Dêmung/ yen sanyata iku Patih/ pagene nêmahni sudra/ Ah
sami dudu ki Patih/ lampahira Ki Sardula prapteng kegingas marani//o//*

Teks NR 242 Pupuh CIX Semaradana Episode 19

1//o//*Gênti winursiteng tulis/ lampahè Ki Buyut Tabah/ Macapatan sapraptane/
pratapan sêpi kewala/ sang wiku wus tanana/ tatanya winartan sampun/ mentar
mring Sweta Kirana//*

2//*Pulo Alit madyeng jladri/ watanira kang pilênggah/ Mardawalagu sang kaot/
tlatah tasik Kawirêngga/ buyut tabah saksana(931v)/ kalajêng ing lampahipun/
mring muhara palabuhan//*

3//Lampahira sampun prapti/ kaparêng ing palabuhan/ wontên baita kang badhe/
layar mring Sweta Kirana/ Mardagang boga baswa/ Ki Buyut Tabah mancal wus/
bêdhol jangkar babar layar//

4//Lumarap kasrangi{n}-ngangin/ ing samudra adwinarna/ gya kendêl
palabuhane/ labuh jangkar gya umêdhak/ ing ngriku sasarêngan/ Ki
Matswamambang neng ngriku/ amapag tanggayanira//

5//Ki Tabah sampun kapanggih/ kalawan Ki Matswamambang/ bage-binage
swastine/ laju marang wismanira/ ing ngriku kendêl lama/ apan nganti pitung
dalu/ popoyan salwirning lampah//

6//Mandar prapta andhingini/ lan juru dêmung Susena/ ing mangke paparêngane/
denyarsa marêk sang tapa/ têka asasarêngan/ Adipati Juru Dêmung/ pêlênge
marêk sang tapa//

7//Mardawalagu sang yogi/ taken murid piniwêrda (932r)/ Endradipa ing
namane/ Buyut Tabah sêdyanira/ mring Sasadanacipta/ Matswakumambang kang
tuduh/ ing jawi prigi panggiyan//

8//Ana pa ki Adipati/ kaya Adhi Palugongsa/ kaparêng ngriki patêmon/ Buyut
Tabah wuwusira/ ki Dipati andika/ mongsa pandunga mring ulun/ muride
Andradipa mojar//

9//Sintên niku sintên niki/ namane têka Sulayalah/ sintên kang sanyatane/ Ki Juru
Dêmung prasaja/ sayêktine mênira/ Adipati Juru Dêmung prasaja/ Papatih ing
Padhagêlan //

10//Punika namane dhingin/ ki tumênggung Palugongsa/ anambungi ing wuwuse/
anênggih Ki Buyut Tabah/ rumiyin Palugongsa/ pasêbutane tumênggung/ mangke
nama Buyut Tabah//

11//Sami asajarwa titi/ prapta papêlênging sêdya/ Ki Endradipa kalihe/ kalawan
Ki Matswamambang/ lajêng lumêbêtira/ kakalih sang maha wiku/ nuju patêman
pidiklan//

12//Ki Endradipa ta(933v)napi/ kiwa si Matswamambang/ sarêng matur dhewe-
dhewe/ angaturakên dhatêngan/ wus sami tinimbangan/ kakalih prapta ing ngayun/
Ki Juru Dêmung aturnya//

13//Sang Wiku kula dinuding/ Sri Palugon Padhagêlan/ sapunika aprang êreme/
lan Purwagêndhing Susena/ kakalih atmeng Nata/ Arya Sulendra kang sêpuh/
kang nem Arya Lokananta//

14//Kinrubut ponca Kapati/ ing Kawirêngga Madhêndha/ Pastima Agung malihe/
ing Pruwa Agung Narendra/ ajang ing Padhagêlan/ wali-wali aprangipun/ tan
sawêkas ing ngayuda//

15//Pra bala sami longneki/ prang andêl pur surup surya/ prang Senapati arame/
tan wontên unggul kasoran/ yen tansah makatêna/ angrêrisak balanipun/ karya
rêtuning Nagara//

16//Mila putra paduka ji/ sang Nata ing Padhagêlan/ anunuwun mring sang kaot/
sagêda sa(934v)pih ayuda/ lawan aris kewala/ sokur bagya atut-aruntut/ pawong
mitra sami Nata//

17//Sang Mardwalagu angling/ paran purwanira aprang/ Ki Juru Dêmung ature/
ing nguni purwakanira/ Nagari Padhagêlan/ nênggih kang jumênêng Ratu/ Prabu
Palugon kang nama//

18//Sasurudipun sang aji/ gangsal titilaring putra/ sajuga kakung putrane/
sakawan putra wanodya/ sadaya dereng krama/ tandya angêbunbun esuk/ Putri
Nata Kawirêngga//

19//Panglamaripun tinampik/ awit têtambung ing nawala/ apan wontên dêksurane/
Sri Narendra Padhagêlan/ satêmah ngrêbaseng prang/ tumpês kasambut ing
pupuh/ para putri binoyongan//

20//Wontên Kawirêngga gingsir/ mring Purwagêndhing Paradya/ kagarwa
Papatih karo/ awayuh kakalih sowang/ sang dyah/ adarbe karsa anjatêl
nagarinipun/ yen tan asok paajêgan//

21//Dene kang madêg Narpati (935r)/ Nagari ing Padhagêlan/ Prabu Palugon
samangke/ kamantu ing Kawirêngga/ dupyarsa linurangan/ rumaos karoban
mungsuhi/ anyuruhi para Nata//

22//Ing Kawirêngga lan malih/ Madhêndha wakil kang putra/ ing Pastima Agung
katong/ lan Pruwa Gung sami prapta/ Sri Narendra priyangga/ punika purwaning
pupuh/ Bagawan Sadanacipta//

23//Ngandika Tabah sireki/ apa wigatine prapta/ sampun tinata ature/ yen ta
nuwun bantu aprang/ rinasatan prayoga/ mungsuhi anunuwun/ sapih prang
pamrih pamitra//

24//Ki Tabah aturireki/ prapta kawula dinuta/ sang Adipati kalihe/ Sulendra lan
Lokananta/ miwah catur pra sang dyah/ nuwun pangestu pu(?)pun/ rahayu
unggul ing ngaprang//

25//Yata wau denirangling/ Mardawalagu sang Tapa/ jur dêmung pamintane/ Sri
Palugon Padhagêlan/ ya ana saratira/ ing sun dhewe bakal rawuh/ iya marang
Padhagêlan(936v)//

26//Katêmu lan para aji/ ing sun jujuk pabaratan/ agawe ing sarinane/ amrih
sapih bitu amamung iku pêksa ingwang/ sang sarkara mursanuwas/ ah Tabah
kawruhanira//

27//Ing samangkke ingsun uwis/ manjing muride sang tapa/ tan winênang
amurbeng ngréh/ yen nora uwis linilan/ mring wiprama adwija/ ingsun mung anut
jumurung/ sapih prang dadya pamitran//

28//Wau kang dinuta kalih/ pamit sampun linilanan/ amarêng sarêng mantuke/
mancal banata(?)t dagang angmarang Padhagêlan/ neng asabda tan winuwus/
prapteng labuhan Dhagêlan//

29//Akathah kang para krami/ tumurun saking baita/ Ki Juru Dêmung kalihe/
kalawan Ki Buyut Tabah/ wus tumurun saksana/ lumampah aruntung-runtung/ ki
juru dêmung wuwusnya//

30//Ki Tabah andika niki/ dhêmên agawe prakara/ wiwinih bonda yudane/
mangsuli ki buyut ta(937r)bah/ têbah kang makatêna/ ing ngasili inggih amu/
abut karsaning bandara//

31//Andungkap praptanireki/ pakuwon ing pabaratan/ sowang sowangan
lampah/ prapteng kucu ing ranangga/ Juru Dêmung Susena/ sumiwi mring
ratunipun/ Sri Palugon Sri Narendra//

32//Sang gya kumpul para aji/ gupita wangsulanira/ Mardawalagu sang kaot/
warna warna pangiranya/ pamatraping sarana/ nanging ing wusananipun/
arsanut sapangrehira//

33//Ki Tabah ingkang winarni/ ing pakuwon sampun prapta/ marêk Dipati kalihe/
matur salwiring dinuta/ purwa madya wasana/ wus katur sadayanipun/ sang
Adipati kalihnya//

34//Dupi wau amiarsi/ asangêt pangu(?)nira/ nanging anyarantekake/ praptane
sang muniwara/ paran pamatrapira/ sarana sapihing pupuh/ satêmahan pawong
mitra//

35//Yata ginupita malih/ Mardawala(938v)gu sang tapa/ lawan Sadanaciptane/
miwah para siswa sanggya/ arsa abudhalan/ marang pabaratanipun/ nganti
praptaning banata//

36//Tan lami têkapireki/ baitaning para dagang/ tumurun sadagangane/
wusnyapa payon saksana/ mancak malih mring palwa/ sang rêsi kakalihipun/
kalawan samuridara//

37//Minggah mring baita sami/ saksana ambabar layar/ abêdhol ponang
jangkare/ kasrang maruta lumarap/ ing samudra tan kocap/ labuh
palabuhanipun/ muhara ing Padhagêlan//

38//Tinulung layarireki/ alabuh jajangkarira/ tandya sarêng tumurune/ sang
Pandhita lan pra dagang/ kakalih dwijawara/ saratri panarenipun/ wismeng wran
ketyeng muhara//

39//Kalawan para murid/ enjingipun bubudhalan/ abêlak pabaratanane/ alalaken
saonjotan/ ngibrêgi dhusun sonya/ aka(939r)thah wisma kang wutuh/ ing ngriku
pakuwonira//

40//Yeku wismane wran sami/ kang ngili mring pan arga/ obkobet kinarya
nuwunne/ sawuse lènêp tri dina/ nglampah akêncundaka/ kalih lampah kang
pangutus/ salamapah mring pakuwon//

41//Nateng Dhagêlan malih/ salamapah mring kuwunira/ Dipati Purwagêndhinge/
urunan ingkang dinuta/ murit sweta kirana/ Macapatan siswanipun/ ingkang
marang Padhagêlan//

42//Anama mujongga kawi/ Akara kalawan Dhêndha/ masa lomboh mundhi
sarate/ kang mring Purwagêndhing nama/ pujongga murda lawan/ pun Ukara
malhipun/ pangrawit kalawan nangsang//o//

Teks NR 242 Pupuh CX Durma Episode 19

1//o//Duta kalih lampah saksana (?)sata/ sami amundhi tulis/ kang dhingin
winarni/ kang mring Pakuwon Padhagêlan/ anjurug panggenan Patih/ sampun
lumantar/ Juru Dêmung Dipati//

2//Sinung wikan pinanggihan gita ninga/ sawusira papanggih/ caraka nglingira/
ki Pa(940v)tih ngong dinuta/ Mardawalagu sang rêsi/ kintun kintaka/ mring
Padhagêlan aji//

3//Adipati Juru Dêmung wuwusira/ inggih kaya atur wrin/ kya Patih Mragadba/
marang ing pasanggrahan/ matur marang Sri Bupati/ wau Sang Nata/ kalanipun
miyang ganti//

4//Gati ati tata sewaka dadakap/ ngaturi para aji/ Patih lan para waktra/ tan
dangu sami prapta/ cundaka dipuntimbali/ wus têkan ngarsa/ umatur awot sari//

5//Pan kawula dinuta sang maha dwija/ Mardawalagu nênggih/ ingkang
angasrama/ Pula Swetakirana/ aangaturakên tinteki/ marang sang Nata/ sadaya
para aji//

6//Miwah katur mring amarang Narpa Putra sanggya/ nawala den tampani/ kang
kinen amaca/ ing Pruwa Agung waktra/ Sudira Wicitra nami/ parameng sasatra/
gandha arum swareki//

7//Udayaning pustaka pengêt punika/ nawala saking rêsi/ ing sweta kirana/
Mardwalagu nama/ katur pamujyeng galih/ krah(941r)arjanira/ sagung para
Narpati//

8//Prabu wakil miwah Susena Subada/ basukining Nagara/ sawusnya punika/ kula
acari marma/ mugi kendêla ajurit/ ngrusak Nagara/ akathah kang papati//

9//Lan wikan napa pakême kina-kina/ sastra pugêr Nagari/ têngbang langên swara/ gêndhing langên paradya/ kula akarya upami/ mênggah wran maca/ kumêcape kaeksi//

10//Sabapaning suwara karungunira/ paran pisahireki/ mila pa(?) Nata/ miwah pra wakil raja/ kendêla amangun jurit/ atut pamitra/ lamun puguh pra sami//

11//Yêkti kula ingkang angrêbaseng aprang/ lamun ing Purwagêndhing/ inggih datan arsa/ kendêl amangun yuda/ inggih kula kang nimbangi/ nadyan dados samêngsah pra Ratu sami//

12//Kawirêngga Padhagêlan ka(?)n ing Madhêndha/ Pastima Agung tuwin/ Pruwa Agung miwah/ Purwagêndhing dadosa/ satunggil mêngsah mring mami/ kula tan ulapyamun bibahaning rêsi(942v)//

13//Amêgati lalakon kang tan mraharja/ lamun nêngmahi pati/ amanggih kamulyan/ punapa ing ngulatan/ amag pamacanireki/ para Narendra/ miwah wakil Narpati//

14//Para Patih watêg waktra trang pamyarsa/ lir pinêwês kang kalih/ Nateng Padhagêlan/ mimba kang pangandika/ eh dutanira maharsi/ ingsun sumarah/ sapangrehing yogi//

15//Nanging ingsun lamun dhi(?)ni nyundaka/ angajak mênang jurit/ yêkti awênwirang/ durung rumasa kalah/ mangkono bae nyukupi/ wangsulaningwang/ ponang nuwus pamit//

16//Linilanan wus lumengser saking ngarsa/ gênti ing kawinarni/ dutaning sang tapa/ mring karwa mantri muka/ Surahasanireng kinteki/ datan prabeda/ kang mring Dhagêlan aji//

17//Dupi myarsa sang arya Dipati karwa/ langkung krodhanireki/ sêdya mrêm
ngayuda/ marang sang muniwara/ duta sampun den wangsuli/ lengser wisata/
prapteng kuwuning yogi//

18//Sasarêngan kang marang Padhagê(943r)lan/ duta umatur titi/ sang wiku
nglingira/ ing besuk lamun prapta/ sang Adipati kakalih/ ngrêbaseng aprang/
ngong nora ngadu murid//

19//Ingsun dhewe ingkang mêtuk ngadilaga/ nadyan kinrubut jurit/ têka den
tegakna/ aja sandeyeng driya/ yata antara tri ari/ Arya Susena/ Sulendra Adipati//

20//Lan kang rayi Adipati Lokananta/ miwah catur pra putri/ saking kusumentar/
prajuritnya tinilar/ mung para arya kang ngiring/ nênggih kalawan raden lan
para panji//

21//Sampun prapta pakuwonira sang Tapa/ sang muniwara ngeksi/ mimba tanpa
rowang/ kakalih mantri muka/ mulat wontên wiku mijil/ sampun anduga/ puniku
maha rêsi//

22//Sang Kusuma catur ing tyas tan saronta/ anglêpasi jêmparing/ ngalipat
kewala/ lir manah wawayangan/ arya Dipati kakalih/ kinen kendêla/ sang dyah
denya jêmparing//

23//Adipati Sulendra lan Lokananta/ tumêkap sa(944v)king wajik/ sikêp
pangawinan/ dupi marek sang tapa/ pangandikanira bêngis/ apa ta sira/ wiku
ambêg linêwih//

24//Inggang aran Mardawalagu Pandhita/ apêksa ngluluhuri/ kaidhêp pra Nata/
mangsuli sang Pandhita/ nora sêdya angluwih/ ing sun mung arsa/ nêtêpi karya
mami//

25//Mrih raharja saisining pramudita/ ngayêmi bumi-bumi/ Arya Lokananta/
angling pagene sira/ tan sikêp astra sasiki/ apling sang Tapa/ ing ngong tan
sêdya jurit//

26//Dene sira arsa mrajaya maringwang/ iya ingsun tadhahi/ sang Arya
Sulendra/ ngancari amarjaya/ Arya Lokananta aglis/ panumbakira sang tapa/ den
kalihira//

27//Wali-wali lir anumbak wawayangan/ wau arya kakalih/ seleh pangawinan/
tandya mangsah lan pêdhang/ sang Tapi pun pêdhang/ liwan kewala kawi
anêbang angin//

28//Seleh pêdhang marjaya lawan curiga/ tan wenya angêneni/ wau(945r) sang
Pandhita/ namung ngoyok sarira/ nganan ngering mayuk ngarsi/ nglayang ing
wugyat/ saya krodharya kalih//

29//Ponang katga sinarungakên saksana/ arista ngrasuki kalih/ gapyak
cacêngkahan/ okol sandhal sinêndhal/ kang raka miwah kang rayi/ ngetok
karosan/ gênti inggil-tinanggil//

30//Babantingan gênti ngongkih gênti ngongkang/ sang Nata aningali/ alon
angandika Adipati wêruha/ aprang lan kadang pribadi/ Dipati karwa/ wruh
lamun salih unghih//

31//Sami kadang rumasa yen kaluhuran/ kamayaning yogi/ pisah denny cêngkah/
matur pangrêpeng tingkah/ aksama andika rêsi/ ing mangke kula/ duk Ki
Pamrayogi//

32//Amangsuli sêbda wau sang Pandhita/ inggih sang arya kalih/ yen yêkti
andika/ anut sapangreh kula/ benjing dika prapti/ kuwu manira/ sampun mawi
prajurit//

33//Ka(946v)dherekna kang para adil kewala/ miwah sakawan putri/ sami papanggiyan/ lan Nateng Padhagêlan/ ing Kawirêngga lan malih/ wakil Madhêndha/ lan arendra kakalih//

34//Pastima Gung lan ing Pruwa Agung Nata/ kiwa sang Adipati/ sumagah sakarsa/ gya konar(?) masanggrahan/ sang Pandhita sampun nuding/ mring kuwunira/ ngaturi para aji//

35//Pakumpulan ang Gusthi pakêp pamêca/ lan Adipati kalih/ miwah para sang dyah/ nyar wiku Macapatan cundaka wisata nuli/ mring pasanggrahan/ nira kang para aji//

36//Ning tanpa pangiring mrajuritira/ ngamungna kang Papatih/ lawan watêk waktra/ yata para Narendra/ sang kya tan lênggah neng galih/ mandar tyas suka/ cipta sasapih jurit//

